

# **Dina Budaya Urang Napak, Tina Budaya Urang Ngapak**

Ku: Dede Kosasih

Atikan teh dina enas-enasna mah mangrupa pasualan měh sakumna bangsa. Unggulna hiji bangsa téh bakal katitén tina maju jeung henteuna dina makihikeun proses atikanana. Fungsi atikan teh kacida pentingna pikeun ngawariskeun ajen-inajen budaya ti hiji generasi ka generasi sapandeurieunana. Atikan téh mangrupa usaha kalawan sadar pikeun ngudag tujuan anu dipuseurkeun kana robahna tingkah laku. Ari tujuan pangajaran nurutkeun kurikulum, biasana ngawengku tilu hal nya éta ngusahakeun sangkan siswa miboga pangaweruh (kognitif), miboga kaparigelan (psikomotor), jeung miboga sikep anu hadé.

Atikan ogé raket patalina deuih jeung kamajuan ekonomi hiji bangsa. Malah majuna sektor ekonomi hiji bangsa mangrupa titik pamiangan pikeun nyangking kamajuan dina widang-widang séjenna. Ku logika mikir nu basajan, bisa disebutkeun yén atikan téh minangka sisindekelan pikeun kamajuan hiji bangsa.

William Schweke, dina *Smart Money: Education and Economic Development* (2004), nu dikutip ku Amich Alhumami, nételakeun yén proses atikan nu hadé téh lian ti bakal ngagelarkeun sumber daya manusia (SDM) nu pinunjul, nu diwewegan ku pangaweruh katut kaparigelan sarta ngawasa tehnologi nu engkéna téh deuih bisa numuwuhkeun iklim bisnis anu séhat jeung kondusif pikeun tumuwuhna aspek ekonomi. Sabalikna, mun gagal éta proses atikan, balukarna baris nimbulkeun rupa-rupa pasualan anu krusial, saperti: pangangguran, kriminalitas, jeung mahabuna rupa-rupa patologi sosial minangka *welfare dependency* nu bakal jadi beban sosial politik pikeun pamaréntah.

Ngimeutan tulisan Sunaryo Kartadinata, bet kagugu, sapuk tur sapamadegan. Yén trend mangsa kiwari, masarakat urang téh ayeuna keur meujeuhna kabungbulengan, liwung gandrung ku ayana Sekolah Berstandar Internasional (SBI). Nya munasabah ku ayana SBI téh loba rambat kamaléna. Tuda teu euweuheun, geura wé kolot siswa mani reueus jeung reugreug mun anakna sakola di SBI téh.

Kacida wijaksanana, lamun urang taliti saméméh meuli. Éta papatah téh lumaku ogé pikeun kolot nu rek nyakolakeun anakna ka sakola SBI. Kolot jeung parasiswa ulah dodolo teuing kana émbél-émbél internasional, nepi ka totorosol hayang nyakolakeun jeung sakola di SBI. Padahal can tangtu hasilna sakumaha nu dipikahayang.

Kepala Pusat Kurikulum Departemen Pendidikan Nasional Diah Hariati, kungsi nételakeun yén sakola internasional téh béda pisan jeung sakola internasional ajangkeuneun warga asing. Kurikulum katut mata pelajaran nu diterapkeun pikeun sakola internasional keur warga asing mah sarua persis jeung nagara nu jadi acuanana. Sedengkeun sakola bertarap internasional (SBI), kurikulum internasional téh minangka panglengkép (suplemen) kurikulum nasional. Nya teu anéh lamun unggal sakola lebah maké kurikulum téh béda lantaran ngacu ka nagara nu béda. Ku kituna, kolot siswa sawadina engeuh niténan kurikulum nu digunakeun di éta sakola. Jadi, ngayakeun sakola SBI téh lain pagawéan énténg.

- Sakola kudu nangtukeun heula kurikulum nu rék dipakéna. Kurikulum nu popiler digunakan di sakola bertaraf internasional di Indonesia téh nya éta *Cambridge International Examination* (CIE) jeung *International Baccalaureate* (IB)
- Kurikulum CIE mah neueulkeunana kana fleksibilitas, ti mimiti pendidikan dasar nepi ka pendidikan menengah. Siswa dibéré kabébasan pikeun milih pangajaran nu luyu jeung kamampuh katut minatna. Ieu sistem téh umumna diayakeun dina sistim pendidikan Inggris kaasup nu digunakan di Amerika Serikat, India, Kanada, jeung Selandia Baru
- Ari IB mangrupa kurikulum nu ngarojong siswa pikeun wanoh kana budaya dirina. Di sagédéneun éta, siswa ogé dibimbing deuih sangkan ngabiasakeun mikir global ulah cupet, mikirna lokalit alias kurung batok
- Pikeun meunangkeun predikat sekolah bertaraf internasional kawilang beurat pasaratanna. Unggal sakola nu nyelenggarakeunana téh kudu nyumponan sababaraha pasaratanan, di antarana: Akreditasi A, mibanda karakteristik unggulan nu dibuktikeun ku ayana pengakuan internasional kana proses jeung hasil *output* pendidikan. Pokona mah sakabéh pasaratananana kudu kualitasna alus jeung kauji dina sagala aspek.

Geura, mangga lenyepan, pasaranan sakola SBI keur sakola SD/MI waé jumlah pendidik minimal ngabogaan 10% guru nu ngantongan ijazah S2/S3 ti paguron luhur nu program studina terakreditasi A. Pikeun guru SMP/Mts, saeutikna kudu aya 20% guru nu pendidikanana S2/S3 ti paguron luhur nu program studina terakreditasi A deuih. Pasaranan nu sarua pikeun guru-guru SMA/SMK/MA, saeutikna kudu nyumponan 30% guru nu boga ijasah S2/S3. Apan éta tanjakan téh sakitu eungapna, sanes?

Ari basa panganteurna nya moal ka mana deui pasti basa Inggris pikeun unggal pangajaran, pangpangna pangajaran sain, iwal pangajaran bahasa nyaluyukeun jeung bahasa nu aya di éta lingkungan sakola. Idealna sakola SBI kudu nempongkeun prinsip multikultur, kudu ngajalin *sister school* jeung sakola bertaraf internasional di luar negri. Nu kudu dicumponan nya éta ngabogaan fasilitas sarta teknologi informasi jeung komunikasi anu sarwa canggih.

Tah ku ayana ieu fenomena, nu jadi kahariwang téh sangkan ulah kaluli-luli mupusti jeung migisti nepi ka lali kana purwadaksi. Ulah tanggah teuing nepi kajongjonan. Tonggoy jeung noyod (mun dipapandékeun kana leumpang) bari teu ningali tincakkeun, balukarna tikoséwad malah nepi ka labuhna. Antukna cul dogdog tinggal igel.

Sakumaha nu ditétélakeun ku Sunaryo, satemenna ari internasionalisasi téh enas-enasna mah lain ngandung harti ngatik ngadidik ku cara deungeun, bari ninggalkeun tali paranti adat sarakan. Malah sabalikna, ngatik ngadidik téh kudu leuwih nyindekel bari weweg dina adeg-adeg dina matéakeun banda budaya urang saméméh nguyang budaya nu lian. Prosés ngatik ngadidik téh nu nyoko kana adat budaya jeung tata kahirupan bangsa model kitu téh disebutna étnopédagogi.

Nurutkeun étnopedagogi, atikan téh kudu suméndér bari teu tinggal ngarumat jeung ngamumulé adat budaya bangsana (sakumaha nu dipintonkeun ku bangsa Jepang, Korea jeung China). Geuning sakitu marajuna, malah bisa ngéléhkeun nagara adidaya jeung nagara maju séjenna. Éta téh lantaran ngabogaan titincakan budaya mangrupa etos kerja nu kacida rosana tur napak dina budaya tradisional. Sakumaha moderna, Koréa mah teu ngalesotkeun adeg-adeg jeung ajén-inajén budayana, malah enya-enya pisan dipiara sacara turun-tumurun. Kumaha rumawatna urang Koréa kana taekwondo, malah taekwondo téh jadi ikon bangsa Koréa

Taekwondo kapan sakitu neueulkeun kana sikep silih hormat jeung silih hargaan, najan ka musuh oge. Ku ayana filosofis jeung spirit Taekwondo, bangsa Koréa jadi hiji nagara minangka *macan Asia*, satata jeung nagara-negara maju sejenna. Loba conto, suksesna bangsa Koréa teh sasatna kailhaman ku spirit Taekwondo nu neueulkeun budaya disiplin jeung etos kerja anu rosa.

Waktu nincak abad ka-21, Koréa jeung spirit Taekwondona mimiti mekarkeun paradigma pangwangunan nu nyindekel dina *knowledge-based economy*. Ieu paradigma téh neueul kana tilu hal. Kahiji, kamajuan ekonomi dina rupa-rupa hal sumender kana dukungan elmu pangaweruh jeung tehnologi. Kadua, ayana hubungan kasualitas antara atikan jeung kamajuan ekonomi nu mingkin kuat jeung solid. Katilu, atikan jadi poko nu utama dina makihikeun dinamika tumuwuhna ekonomi, nu ngarojong kana transformasi struktural jangka panjang.

Naha urang ogé teu boga pikiran kawas kitu? Bawirasa urang ogé kudu nurutan jiga bangsa Korea nu rumawat kana tekwondo, kapan urang oge boga penca (silat). Jigana geus meujeuhna urang ngarevitalisasi ieu pusaka. Dina penca silat loba pisan ajén-inajén kaasup spirit jeung ajén filosofisna nu gede mangpaatna pikeun kamajuan bangsa urang.

Lain hartina urang tuturut munding ka bangsa deungeun, da apanan urang ogé geus boga budaya sorangan nu mapan tur jadi tatapakan pikeun maju. Babarengan jeung sélér bangsa lianna nu aya di Indonesia, urang boga kawajiban nohagaan tatapakan téa, sangkan urang jadi hiji bangsa nu enya-enya mandiri, kuat dina adeg-adeg sarta tahan enggoning nyahareupan panéka jaman. Nincak dina babasan *luhung élmu, pengkuh agamana jeung jembar budayana. Dina budaya urang napak, tina budaya urang ngapak*. Cag!